PUPUH IX: MEGATRUH (12u, 8i, 8u, 8i, 8o)

No.	Alih Aksara	Terjemahan
1.	Kawarnaa ingkang lagya kawělas ayun aneng sangandhap waringin Jěng Sultan Pajang puniku tan ingadhěp bala siji wus bubar sawarnaning wong	Diceritakan yang sedang sengsara, di bawah beringin, Kanjeng Sultan Pajang, tak satupun prajurit di hadapannya, sudah bubar semua orang.
2.	Nanging kantun Dipati Manca kang tunggu lawan Jěng Pangran Dipati Běnawa nyungkěmi suku lawan asru dennya nangis Sang Nata ngandika alon	Hanya ada Adipati Manca yang menunggu, dan Kanjeng Pangeran Adipati Benawa bersujud di kaki, serta keras tangisnya. Sang Raja berkata perlahan,
3.	Lah ta uwis jěbeng (h. 347) měněnga nakingsun mapan wus karsaning Widi nanging ta kakangireku bisaa těmu lan mami kangěn těměn kulup ingong	"Ya sudah Nak diamlah anakku, sudah kehendak Widi, tetapi kakandamu itu, semoga bisa bertemu denganku, sungguh aku rindu."
4.	Ěněngěna ingkang lagya kawělas ayun kawarna Jěng Senapati saking těbih wus tan pandung kělamun kang rama yěkti neng waringin ruboh katong	Hentikan yang sedang sengsara. Diceritakan Kanjeng Senapati dari kejauhan sudah tak ragu kalau sungguh ayahandanya jatuh di (bawah) beringin.
5.	Sampun tědhak saking ing turangganipun kalawan Ki Mandarakeki kang kuda samya tinuntun wangsul mring Prambanan malih lěnggahan neng Candhi Sewu	Sudah turun dari kudanya, dengan Ki Mandaraka, kudanya dituntun, kembali ke Prambanan, duduk-duduk di Candi Sewu.
6.	Senapati alon angandika arum Paman sampeyan timbali prajurit sědayanipun kang samya neng Randhugunting Ki Mandaraka nulyaku	Senopati berkata perlahan, "Paman engkau panggil semua prajurit yang berada di Randugunting." Ki Mandaraka lalu

No.	Alih Aksara	Terjemahan
7.	Nitih kuda cĕcongklangan lampahipun datan pantara wus prapti ing Randhugunting puniku Ki Tumĕnggung dendhawuhi ngandikan sira den-gupoh	menunggangi kuda cepat jalannya, tak beberapa lama sudah sampai di Randugunting. Ki Tumenggung diutus, “Engkau segeralah
8.	Lawan kabeh sa- (h. 348) kancanira puniku sandika nulya lumaris Ki Mandaraka tan kantun datan pantara wus prapti ngarsa Sang Senapatyeku	beserta semua prajuritmu” Bersedia lalu berangkat, Ki Mandaraka tak ketinggalan. Tak beberapa lama sudah sampai di hadapan Sang Senapati.
9.	Andher ngarsa Sang Senapati nĕbdarum mring Kyai Mandarakeki Paman punika sĕdarum prajurit sampeyan irit sowan mring Kangjĕng Sang Katong	Berjajar di hadapan, Sang Senapati halus berkata kepada Kyai Mandaraka, “Paman ini semua, Prajurit engkau bawa menghadap kepada Kanjeng Sang Raja,
10.	Lan kawula ngaturi turangga tĕlu sumangga karsa Sang Aji kawula lamun dinangu yun sowan mĕksih ajrih paman sampeyan kimawon	dan aku memberikan tiga kuda, terserah kehendak Sang Raja, Kalau aku ditanyakan, ingin menghadap masih takut. Paman engkau saja,
11.	Andherekkĕn paman lajĕng konduripun nanging Tumĕnggung Mayang iki paman lajĕngipun kantun wontĕn kang tut wingking mami bilih dinangu Sang Katong	yang mengantarkan pulang, Paman. Namun Tumenggung Mayang ini paman yang tinggal, ada yang mengikuti di belakangku. Kalau ditanya Sang Katong
12.	Pan kawula mapan sampun lajĕng mantuk inggih dhumatĕng Mĕntawis lan malih sampeyan kukup bilih wontĕn tiyang kari	bahwa saya sudah kembali ke Mataram. Dan juga engkau ambil kalau ada orang tertinggal

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kang botě- (h. 349) n sagět lumaku	yang tidak bisa berjalan,
13.	Sampun paman lajěng sěsalaman iku kur-ungkuran lampahneki kang dherek Senaptyeku pan amung Mayang Dipati kondurira mring Měntarum	Sudah paman.” Lalu bersalaman, Bertolak belakang perjalanannya. Yang mengikuti Senapati hanya Adipati Mayang, kembali ke Mataram.
14.	Kyai Mandaraka pan sampun lumaku tiyang sewu ingkang ngiring kalawan suměktanipun mapan dharat lampahneki kang kuda sami tinuntun	Kyai Mandaraka sudah berangkat, seribu orang yang mengiringi dengan segala kelengkapannya. Mereka berjalan kaki saja semua kuda dituntun.
15.	Sampun prapta lampahe waringin rubuh Jěng Sultan kagyat ningali lamun Mandaraka rawuh pan lajěng ingawe nuli wus cundhuk lawan Sang Katong	Perjalanan sudah sampai di *Waringin Rubuh.* Kanjeng Sultan terkejut melihat kalau Mandaraka datang. Lalu dipanggilnya, sudah bertemu dengan Sang Raja.
16.	Mandaraka mapan ta lajěng rinangkul dhumatěng Sri Narapati lan kuměmběng wěspanipun adangu Nata tan angling Ki Mandaraka mangkono	Mandaraka lalu dipeluk oleh Sang Raja, dan berkaca-kaca matanya. Lama Raja tak berkata-kata, demikian juga Ki Mandaraka.
17.	Mapan sangět nangis ngantos sěnggruk-sěnggruk Dipati Manca pan sami lan Pangeran Běnaweku mapan iya samya nangis lir angimpi ing (h. 350) tyasipun	Menangis keras hingga tersedu-sedu, Adipati Manca sama juga dengan Pangeran Benawa semua menangis, bagaikan mimpi pikirnya dalam hati.
18.	Risampunnya Sang Nata angandika arum marang Ki Mandarakeki	Sesudahnya Sang Nata manis berkata, kepada Ki Mandaraka,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	ana ngĕndi putreng ulun Ki Senapati Mĕntawis Ki Mandaraka turnyalon	“Di mana putraku Ki Senapati Mataram?.” Kata Ki Mandaraka perlahan,
19.	Sampun wangsul mantuk dhumatĕng Mĕntarum yun sowan sangĕt dennyajrih Sang Nata ngandika arum sun iki kangĕn kĕpati iya marang putraningong	“Sudah kembali ke Mataram, ingin menghadap tetapi sangat takut.” Sang Nata manis katanya, “Aku ini sangat rindu kepada putraku”
20.	Kyai Mandaraka aris aturipun kawula kinengken abdi pun Senapati Mĕntarum angaturi kuda katri sumangga karsa Sang Katong	Kyai Mandaraka halus katanya, “Hamba diutus abdi Senapati Mataram menyampaikan tiga kuda untuk diserahkan kepada Raja.
21.	Pan punika tiyang Mĕntawis sĕdarum ngaturkĕn dherekke waji(k) kawula pangiridipun Sang Nata ngandika aris ya kakang tarima ingong	Ini orang Mataram semuanya ikut menghantarkan hamba pengawalnya.” Sang Nata halus katanya, “Ya kakanda terima kasih,
22.	Nanging ingsun yun mampir Tĕmbayat ngujung wus payo mangkat tumuli sira aja doh lan ingsun si Manca Bĕnawa iki dadya pangirid nga- (h. 351) yun	tetapi aku akan mampir Tembayat berziarah. Ayo lalu berangkat, engkau jangan jauh dariku. Si Manca dan Benawa ini menjadi pengawal di depan.”
23.	Nulya mangkat Tĕmbayat pan sampun rawuh nulya minggah Sri Bupati marang pĕsareyan iku nanging wus karsaning Widi kori tan kenging sinorog	Lalu berangkat ke Tembayat, dan sudah sampai. Raja naik ke pemakaman, tapi sudah kehendak Tuhan, pintu tak dapat dibuka.
24.	Sampun tĕdhak Sang Nata pan lajĕng kondur nulya prapta Pajang nuli	Sang Nata sudah turun lalu pulang. Setiba di Pajang,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	wong Pajang geger kĕlangkung tinarka yen Senapati ayun anjarah kĕdhaton	orang Pajang sangat ribut, disangkanya kalau Senapati, ingin merebut istana.
25.	Sri Nalendra pan lajĕng manjing kĕdhatun Ki Mandaraka tan keri lawan Dipati Manceku Pangran Bĕnawa tiganing Ki Mandaraka turnyalon	Raja lalu memasuki istana, Ki Mandaraka tak ketinggalan, dengan Adipati Manca, Pangeran Benawa ketiganya. Ki Mandaraka katanya perlahan,
26.	Nuhun pamit dhumatĕng Mĕntarum Sang Nata wus anglilani nanging kakang wĕkasingsun putrengulun Senapati nuli praptaa ta mangko	“Mohon pamit (kembali) ke Mataram.” Sang Raja sudah mengijinkan, “Tetapi kakanda pesanku, putraku Senapati, segera datanglah kelak,
27.	Saking dene bangĕt tĕmĕn kangĕningsun nulya tur salam tumuli lawan Dipati Mancaku tĕnapi Pa- (h. 352) ngran Bĕnawi pan gĕntya rangkul-rinangkul	karena amat sangat kerinduanku.” Lalu (Mandaraka) mengucapkan salam kepada Adipati Manca dan juga Pangeran Benawa. Mereka saling berpelukan.
28.	Ri sawusnya Ki Mandaraka gya mundur saking ngarsanya Sang Aji prapta jawi mangkat sampun wong Mĕntaram sewu ngiring ing marga tan cinatur	Sesudah itu Ki Mandaraka segera mundur, dari hadapan Sang Raja. Sesampai di luar lalu berangkat, seribu orang Mataram mengiringi. Di jalan tak diceritakan.
29.	Sampun prapta Ki Mandaraka Mĕntarum wus panggih Sang Senapati winartakakĕn pan sampun ing sawĕlingnya Sang Aji tĕnapi lan niskareku	Sudah sampai di Mataram Ki Mandaraka, sudah bertemu Sang Senapati, dan sudah disampaikan pesan Sang Raja secara keseluruhannya,
30.	Dene ngukup sakathahe wong kang lumpuh Senapati anĕbdaris	juga tentang menampung segenap orang yang lumpuh.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	gih paman aso rumuhun suwawi paman ing benjing sowan dhumatěng Sang Katong	Senapati halus katanya, “Ya paman beristirahatlah dahulu. Mari paman, besok menghadap kepada Sang Raja.”
31.	Sakělangkung wong Měntaram ing tyasipun mapan samya alit wukir ěněngna ing Měntarum ing Pajang ingkang winarni rěrěp sagung ponang wong	Hati orang Mataram sangatlah, semua bangga. Hentikan di Mataram. Diceritakan di Pajang, tenang semua orangnya.
32.	Datan lama Sang Nata ingkang winuwus lajěng nandhang gěrah aji lan Dipati Manca iku mapan iya na- (h. 353) ndhang sakit pan wus karsaning Yyang Manon	Tak beberapa lama Sang Raja diceritakan, Raja menderita sakit, dan Adipati Manca juga menderita sakit. Sudah kehendak Hyang Manon.
33.	Langkung sangět dennya gěrah Sang Aprabu tan arsa dhahar lan guling nging kang putra ing Měntarum kang tansah dinangu iki měngkana utusan sampun	Sakit Sang Raja semakin parah, tidak mau makan dan tidur, hanya putranda Mataram yang selalu ditanyakan. Demikianlah sudah mengutus
34.	Kangjěng Ratu lawan mawi surat iku gěgancangan lampahneki sampun prapta ing Měntarum wus katur mring Senapati langkung tyasira Sang Anom	Kanjeng Ratu dengan surat. Bergegas jalannya, sudah sampai Mataram, sudah disampaikan kepada Senapati, sangat sedih Sang Anom.
35.	Ingkang Paman tinimbalan sampun rawuh mapan lajěng sinung uning Ki Mandaraka kělangkung tyasira kuwatirneki kang putra ngaturan sampun	Pamanda dipanggil sudah datang, lalu diberitahu. Ki Mandaraka sangat khawatir hatinya, putranda disarankan
36.	Sowan dhatěng Pajang Sang Senapatiku nulya ngrasuk busana glis	menghadap ke Pajang Sang Senapati, lalu segera menyiapkan busana.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	sampun nitih kudanipun Ki Mandaraka tan kari sasanděran lampahipun	Sudah menunggang kudanya, Ki Mandaraka tak ketinggalan, cepat-cepat jalannya.
37.	Wong Měntaram miarsa saklangkung gugup prasamya anusul gusti kěkecer ing lampahipun datan winarna (h. 354) ing margi Pajang mapan sampun rawuh	Orang Mataram mendengar sangat gugup, semua menyusul gustinya, tertinggal jalannya. Tak diceritakan di jalan, sudah sampai di Pajang.
38.	Pan wus pěpak Pajang Dipatya gung-agung mapan makajangan sami sědaya neng ngalun-alun Sunan Kudus sampun prapti lan kang prawira sědarum	Sudah lengkap para Adipati Pajang dan para pembesar, semua berjaga-jaga, semua di alun-alun. Sunan Kudus sudah datang, dan semua para perwira.
39.	Senapatya Měntaram sampun rawuh Pangran Běnawa anuli kang raka ngaturan laju malěbět kědhaton nuli wus cundhuk lawan Sang Katong	Senapati Mataram sudah datang, Pangeran Benawa lalu mempersilakan kakanda langsung masuk istana, sudah bertemu Sang Raja.
40.	Sri Nalendra mapan sampun katuran wěruh punika putranta prapti Sang Senapati Měntarum nulya wungu Sri Bupati kang putra lajěng rinangkul	Sri Raja sudah diberitahu "Ini putranda datang Sang Senapati Mataram." Lalu bangun Sri Raja, putranda lalu dipeluk,
41.	Mapan samya karuna Kangjěng Sang Prabu sinundhang mring Senapati pan samya karunanipun dadya wong sadalěm puri tumut karuna sědarum	semua menangis Kanjeng Sang Raja, disangga oleh Senapati, sama-sama menangis. Dengan demikian semua orang di dalam istana turut menangis semua.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
42.	Sawusira Sang Nata ngandika arum eh ya jěbeng Senapati estokna wěkasingsun lamun prapta jangji mami gawaněn marang Měntarum	Sesudah itu Sang Raja halus katanya, “Hai anakku Senapati, peganglah pesanku. Kalau sampai saat takdirku (mati), bawalah ke Mataram.
43.	(h. 355) Tunggalěna kělawan si kakang ingsun lan titip arinireki si Běnawa kulup bocah bodhone kěpati Senapati tan umatur	Satukan aku dengan kakanda, dan titip adindamu, si Benawa Nak, anak bodoh sekali.” Senapati tak menjawab,
44.	Saking sangět lir riněmět kang jějantung mangkana Sang Senapati kathah kěraos tyasipun riwus tělas wělingneki Sang Nata pan lajěng surut	karena seperti diremas jantung hatinya. Demikianlah Sang Senapati, sangat tersentuh hatinya. Setelah selesai pesannya, Sang Raja lalu wafat.
45.	Tan sělaya lan Dipati Manceku pan sarěng sadina iki wong Pajang kělangkung kuwur wurohan swaraning tangis měngkana Jěng Sunan Kudus	Tak beda jauh dengan Adipati Manca bersamaan dalam satu hari, orang Pajang sangat sedih, gemuruh suara tangis (mereka). Demikianlah kanjeng Sunan Kudus
46.	Kang kinarsakakěn juměněng puniku aneng ing Pajang něgari dhumatěng Suhunan Kudus Dipati Děmak puniki mupakat pra dipatiku	yang dikehendakinya untuk bertahta di negeri Pajang, oleh Sunan Kudus adalah Adipati Demak itu mufakat para adipati.
47.	Senapati Měntaram pan tan tinantun langkung runtik ing tyasneki Ki Mandaraka něbdeku jěbeng aja salah kardi mapan dudu gawe iku	Senapati Mataram tidak dimintai pendapat sangat marah hatinya. Ki Mandaraka berkata, “Anakku jangan salah sangka, itu bukan tugasmu,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
48.	Lawan a- (h. 356) rinira durung jaluk tulung angur payo padha mulih dherek layone Sang Prabu lawan layone si adhi Senapati sampun nurut	dan adindamu belum meminta tolong. Lebih baik ayo pulang, mengantarkan jenazah Sang Raja, dan jenazah adinda.” Senapati sudah menurut.
49.	Nulya budhal Sang Senapati Mĕntarum dherekkĕn layon Nĕrpati lawan Dipati Manceku inggih samya neng Mĕntawis ĕnĕngna Pajang winuwus	Lalu berangkat Sang Senapati Mataram, mengantarkan jenazah Raja dan Adipati Manca, semua ke Mataram. Hentikan di Pajang, diceritakan
50.	Kangjĕng Pangran Bĕnawa ing karsanipun Jĕng Sunan Kudus puniki pinaring ing Jipang iku mapan yun suwala ajrih lajĕng kinen mangkat gupuh	Kanjeng Pangeran Benawa atas kehendak Kanjeng Sunan Kudus diberi Jipang, akan membantah takut, lalu diperintah segera berangkat.
51.	Pra dipatya sĕdaya ingkang tinuduh andherekkĕn lampahneki mring Jipang Pangran puniku datan winarna ing margi Jipang mapan sampun rawuh	Para adipati semua diperintah mengantarkan perjalanan pangeran ke Jipang. Tak diceritakan di jalan, sudah sampai di Jipang.
52.	Nulya pamit sĕdaya pan sami mantuk Jĕng Pangran sampun nglilani ing Pajang ingkang winuwus Dipati ing Dĕmak iki wus tĕtĕp jumĕnĕng katong	Semua lalu berpamitan pulang, Kanjeng Pangeran sudah mengijinkan. Diceritakan di Pajang, Adipati Demak sudah ditetapkan sebagai raja.
53.	Sultan Pajang anĕnggih jujulukipu- (h. 357) n Sunan Kudus kondur nuli ĕnĕngna sadina-dinanipun Kangjĕng Pangran kang winarni langkung wirang ing tyas mangko	Sultan Pajang itulah gelarnya, Sunan Kudus lalu pulang. Hentikan sehari-harinya, Diceritakan Kanjeng Pangeran, sangat malu dalam hati.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
54.	Supe nendra lawan dhahar wirang kělangkung sangět něnuhun Yang Widi sakělangkung kawlas ayun mapan nora bukti-bukti yen tan ana kleyang runtoh	Lupa tidur dan makan karena sangatlah malu. (Ia) memohon dengan sangat pada Ywang Widi. (Ia) sangat sedih maka tidak pernah makan kalau tak ada *kleyang* runtuh.
55.	Kang salira rusak kang cahya anglayung měngkana ing lami-lami wontěn wangsite Yyang Agung eh Běnawa sira iki yen ayun umaděg katong	Badannya rusak, cahaya wajahnya layu. Demikianlah lama kelamaan, Ada wangsit Ywang Agung, “Hai engkau Benawa, kalau ingin menjadi raja
56.	Anjaluka tulung marang ing Měntarum tan ana yoganing maning kang dadi sěrananipun liyane Sang Senapati nging iku karsaning Yang Manon	mintalah pertolongan ke Mataram. Tak ada yang lebih baik yang menjadi sarana selain Sang Senapati, hanya itu kehendak Hyang Manon.
57.	Nulya kagyat Pangran Běnawa puniku mapan lajěng karya tulis sampun aputusan iku tur surat dhatěng Měntawis gěgancangan kang ingutus	Pangeran Benawa tersentak, lalu membuat surat, sudah mengutus, memberikan surat ke Mataram, bergegas yang diutus.
58.	Nulya katur kang surat winaca sampun měngkana u-(h. 358)ngěling tulis yen kawula nyuwun tulung dhatěng kangmas Senapati wus katur sasolahipun	Lalu disampaikan surat sudah dibaca, demikian isi surat, bahwa hamba mohon pertolongan kepada kakanda Senapati, sudah disampaikan semuanya.
59.	Kangjěng Senapati esmu arawat luh emut kang wěling suwargi	Kanjeng Senapati meneteskan air mata, ingat kepada pesan almarhum.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	ingkang surat lajěng sinung mring Kyai Mandarakeki Sang Senapati něbdalon	Surat lalu diberikan, kepada Kyai Mandaraka. Sang Senapati perlahan berkata,
60.	Kados pundi Paman ing prayogenipun Ki Mandaraka něbdaris iku jěbeng běcikipun arinira iku ugi praptaa dhingin Měntarum	“Bagaimana paman sebaiknya?” Ki Mandaraka bijak katanya, “Itu Nak sebaiknya, adindamu itu, datanglah dahulu ke Mataram.
61.	Nulya katur jěbeng yen sira tan měthuk ngong duga bangět kuwatir Sang Senapati nulyeku kang surat dipunangsuli kang duta wus kinen mantuk	Katakan Nak kalau engkau tak akan menjemput, aku duga (akan) sangat khawatir.” Sang Senapati lalu surat dibalasnya, duta disuruh pulang.
62.	Sampun lengser sing ngarsa Senapatyeku gěgancangan lampahneki ing marga datan cinatur prapta ing Jipang nagari kang surat pan lajěng katur	Sudah mundur dari hadapan Senapati, bergegas jalannya. Tak diceritakan di jalan, sampai di negeri Jipang, surat lalu disampaikan.
63.	Kangjěng Pangran sapraptane suratipun kang raka Sang Senapati langkung (h. 359) tyas asrěp kělangkung winaos sinukmeng galih dadya padhang tyas Sang Anom	Kanjeng Pangeran setelah datang surat dari kakanda Sang Senapati, sangat lega hatinya. Dibaca dan dipahami dalam hati, menjadi terang hati Sang Anom.
64.	Nulya karya surat malih nuhun pěthuk[1] ing desa Wěru puniki lan prajangji dintěnipun kang dinuta mangkat nuli gěgancangan lampahipun	Lalu membuat surat lagi minta bertemu, di desa Weru, dan berjanji tentang harinya. Yang diutus lalu berangkat, bergegas jalannya.
65	Sampun prapta Měntaram surat wus katur	Sudah tiba di Mataram surat sudah

[1] Kurang satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
.	dhatěng Kangjěng Senapati winaos kaduga sampun nulya denangsuli tulis duta pan wus kinen wangsul	disampaikan, kepada Kanjeng Senapati, dibaca dimengerti sudah, lalu surat dibalas, duta disuruh pulang.
66.	Tan winarna marga Jipang prapta sampun kang surat katur tumuli Kangjěng Pangran nulya gupuh wong Jipang kinon ngundhangi saanane dandan sampun	Tak diceritakan di jalan sudah tiba di Jipang, surat lalu disampaikan. Kanjeng Pangeran lalu segera memerintah memanggil orang Jipang, seadanya sudah bersiap-siap.
67.	Jalu estri wong Jipang boyong sědarum inggih dhumatěng Měntawis kang trěsna labuh satuhu dhatěng Jěng Pangran Běnawi wus mangkat anulya bodhol	Pria wanita orang Jipang semua berangkat, ke Mataram, yang sungguh cinta dan berkorban kepada Kanjeng Pangeran Benawa, sudah berangkat semua.
68.	Langkung rěndhět samarga ing lampahipun tan pěgat angati-ati Jěng Sena- (h. 360) pati winuwus prapta ing sěmayaneki wus budhal saking Měntarum	Sangat lambat sepanjang perjalanan, tak henti berhati-hati. Diceritakan Kanjeng Senapati, tiba saat yang dijanjikan, sudah berangkat dari Mataram.
69.	Kyai Mandaraka mapan datan kantun lawan mantri kawandesi ing marga datan winuwus lampahe Sang Senapati ing Desa Wěru wus rawuh	Kyai Mandaraka tidak ketinggalan, dan mantri empat puluh. Tidak diceritakan di jalan, Perjalanan Sang Senapati, sudah tiba di desa Weru.
70.	Mapan ngantos měsanggrahan kalih dalu ingkang rayi dereng prapti saking rěměn lampahipun sabab kathah tiyang estri ing Jipang sědaya bodhol	Mereka tinggal (di Weru) dua malam, adinda belum datang, karena lambat jalannya, disebabkan banyak wanitanya, dari Jipang semua berangkat.
71	Pějah gěsang Jěng Pangran tan sědya wangsul	Hidup mati Kanjeng Pangeran tak bersedia

No.	Alih Aksara	Terjemahan
.	inggih dhatěng Jipang malih wus sědya ngungsi Měntarum měngkana ing lampahneki ing Desa Wěru wus rawoh	kembali, ke Jipang lagi, sudah hendak pindah ke Mataram. Demikianlah perjalanannya, sudah tiba di desa Weru.
72.	Lajěng cundhuk Jěng Pangran Jipang puniku lawan Kangjěng Senapati rinangkul nungkěmi suku kalawan asru anangis Sang Senapati duk anon	Kanjeng Pangeran Jipang bertemu, dengan Kanjeng Senapati, dipeluk mensujudi kaki, dengan keras menangis. Sang Senapati ketika melihat,
73.	Mring kang rayi sarira risak kělangkung dadya kuměmběng waspeki Sang Senapati Měntarum těnapi Ma- (h. 361) ndarakeki samya emut mring Sang Katong	pada adinda badannya sangat rusak, jadi berkaca-kaca matanya. Sang Senapati Mataram, dan juga Mandaraka, semua ingat pada Sang Raja.
74.	Sasampunnya lějar kang tyas katigeku lajěng budhal mring Měntawis tan kawarna sampun rawuh něnggih něgari Měntawis ingkang rayi pan wus sinung	Sesudah lega hati ketiganya, lalu berangkat ke Mataram. Tak diceritakan sudah sampai, di negeri Mataram. Sang adik sudah diberi
75.	Pasanggrahan lawan wong Jipang sědarum wěradin pinaring panti wus kadya wisma satuhu dadya tan patya tyasneki kang rayi wus kinen aso	pesanggrahan bersama semua orang Jipang, merata diberi tempat tinggal, sudah seperti rumah sesungguhnya, jadi tidak terlalu sedih. Sang adik sudah diminta istirahat,
76.	Lawan bojakrama wradin sědarum tan kirang wong Jipang sami wus aso antaranipun měngkana Sang Senapati kang rayi ngandikan mangko	dan perjamuan makan merata semua, tak kekurangan semua orang Jipang, sudah istirahat beberapa saat. Demikianlah Sang Senapati, adinda diajak bicara nanti.
77	Atěnapi kang Paman Mandaraka wus	bersama paman Mandaraka sudah

No.	Alih Aksara	Terjemahan
.	samya malĕbeng ing puri lawan Senapati cundhuk ngandika Sang Senapati mring Pangeran Jipang alon	semua memasuki istana, bertemu dengan Senapati. Sang Senapati berkata perlahan kepada Pangeran Jipang.
78.	Paran yayi ing mĕngko sira reningsun kang dadi karsanireki prĕkara ing Pajang iku apa rinĕbut ngajurit apa linĕmbut ri- (h. 362) ningong	"Bagaimana adinda engkau, kelak, yang jadi kehendakmu, masalah di Pajang, apakah direbut dengan bertempur, apa dengan cara halus, adinda."
79.	Kangjĕng Pangran ing Jipang aris umatur kawula sumangga yĕkti agal lĕmbat dherek tuhu Ki Mandaraka nĕbdaris jĕbeng lamun mungguh ingong	Kanjeng Pangeran Jipang halus katanya, "Saya sungguh terserah, kasar halus benar-benar menurut." Ki Mandaraka halus katanya, "Anakku kalau menurutku,
80.	Bĕcik sira aweha layang rumuhun yen kĕna jinaluk aris dadi nora iku ewuh apa Senapati gampang yen tan aweh mangko	sebaiknya engkau memberikan surat tersebut dahulu. Kalau boleh diminta, jadi tidak masalah bagi Senapati, mudah kalau nanti tidak diberikan,
81.	Sakarsanya jĕbeng pan ingsun jumurung mĕngkana Sang Senapati nulya karya surat sampun utusan mring Pajang nuli mangkat ingkang ingutus	terserah anakku, aku mendukung." Demikianlah Senapati, lalu sudah membuat surat. Kemudian mengutus ke Pajang, berangkat yang diutus.
82.	Tan winarna marga Pajang prapta sampun Sultan Pajang gya siniwi surat Senapati rawuh nulya ngaturkĕn tumuli tinampan sinukmeng kalbu	Tak diceritakan di jalan sudah sampai di Pajang. Sultan Pajang sedang di penghadapan, datang surat (dari) Senapati, lalu disampaikan, diterima diresapkan dalam hati.
83	Pan mĕngkana tĕmbungnya kang surat iku	Demikianlah isi surat itu,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
.	adhi ing Pajang sireki bĕcik muliya reningsun iya mring ing Dĕmak maning ing Pajang iku reningong	“Adinda di Pajang, sebaiknya pulanglah adikku, ya ke Demak lagi, di Pajang itu adikku,
84.	(h. 363) Mapan mĕksih adhi kang duwe satuhu sarĕng sampun maos tulis Jĕng Sultan Pajang gumuyu yata lah kang Senapati dene lir nundhung sĕgawon	masih adik yang sesungguhnya yang memiliki.” Setelah membaca surat, Kanjeng Sultan tertawa, “Ya Senapati kenapa seperti mengusir anjing?.”
85.	Lajĕng karya surat amangsuli sampun tan winarna marga prapti surat mring Senapatya wus winaos sinukmeng galih mĕngkana kang surat iku	Lalu membuat surat balasan. Tak diceritakan di jalan sudah sampai surat kepada Senapati. Dibaca dan dipahami, demikianlah suratnya.
86.	Kakang Senapati Paduka pan sampun asung surat sampun prapta yĕkti nanging ta kakang puniku kula tan dadi pribadi Sunan Kudus karya mring ngong	“Kakanda Senapati sudah memberikan surat dan sudah sampai. Tetapi kakanda, aku tak menjadikan (raja) sendiri, Sunan Kudus menugaskan padaku.
87.	Kalih kakang Senapati ing Mĕntarum Paduka pan sampun lami tan seba mring Pajang iku punapa tan mirsa warti yen Jawi Pajang kĕraton	Dan lagi kakanda Senapati Mataram, Paduka sudah lama, tidak menghadap ke Pajang, apakah tak mengetahui kabar, kalau istana Jawa itu Pajang.
88.	Dene mawi Paduka atĕmbung laku anĕdha Pajang nĕgari arsa dadi bĕnĕr tuhu andum waris tanah Jawi kula dereng ulap anom	Kenapa Paduka menyatakan Meminta negeri Pajang? Ingin jadi sungguh benar, berbagi waris tanah Jawa, aku belum pernah tahu.
89	Ing sagĕndhing andika kawula purun	Pada sekehendak Paduka saya mau,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
.	(h. 364) kědhatěngan andhatěngi benjang punapa puniku inggih kěpanggih ing pundi sěmados dintěn kemawon	didatangi atau mendatangi, besok kapan itu, ya bertemu di mana, sepakat harinya saja.
90.	Napa dumeh duk Sultan tědhak rumuhun kawon andika gělari kang sela minggah sědarum tata baris bujung jalmi sulap nging tan giris ingong.	Apakah karena ketika Sultan turun dahulu, itu kalah disebabkan engkau perangi, semua bebatuan naik, berbaris mengejar manusia, silau tapi tak takut aku.